

# PWOGRAM ÈD LOJMAN ANN IJANS PANDAN COVID-19 LA

## KONDISYON KALIFIKASYON YO

Yon fanmi ki ranpli kondisyon annapre yo:

- Omwen gen yon moun nan kay la ki kalifye pou chomaj oswa salè moun sa a redui, li gen gwo depans oswa gwo pwoblèm lajan akoz COVID-19.
- Risk pou vin sanzabri oswa lojman ki pa estab.
- Revni fanmi an egal oswa pi piti pase 80 nan revni mwayen zòn nan (AMI). Klike la a pou jwenn yon repatisyon revni.
- Dwe yon lokatè / yon mèt kay nan Konte Broward (Broward County).

## PWOSESIS APLIKASYON

Yon lokatè kalifye kapab voye yon aplikasyon oswa yon mèt kay kapab aplike sou non yon lokatè kalifye.

## ÈD KI DISPONIB

Fanmi ki kalifye yo kapab resevwa jiska 12 mwa pou peye lwaye ak sèvis piblik oswa enèji (anplis lwaye a oswa ki pa fè pati èd lwaye a), plis 3 mwa siplemantè, si sa nesesè, pou asire n lojman an estab ak si gen lajan pwogram nan ki disponib.

## PÈMAN

N ap peye mèt kay la / konpayi k ap jere kay la oswa konpayi sèvis piblik yo lajan èd lwaye a sou non lokatè a.

GADE LYEN KI PI BA A POU PLIS ENSTRIKSYON EPI POU W APLIKE:
**WWW.BROWARD.ORG/RENTASSISTANCE**
OSWA **RELE 888-692-7203**